

Khutbah Idulfitri: Ngrekso Kesucian Fitrah ing Madya Arus Jaman

Khutbah Kaping Pisan

اللهُ أَكْبَرُ (٣×) اللهُ أَكْبَرُ (٣×) اللهُ أَكْبَرُ (٣×) وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ

اللهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيرًا، وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ صَدَقَ وَعْدُهُ وَنَصَرَ عَبْدَهُ وَأَعَزَّ جُنْدَهُ وَهَرَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ.

الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي جَعَلَ لِلْمُسْلِمِينَ عِيْدَ الْفِطْرِ بَعْدَ صِيَامِ رَمَضَانَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمَلِكُ الدِّيَانُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الْمَبْعُوثُ رَحْمَةً لِّلْعَالَمِينَ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ هُدَاةِ الْأَنَامِ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ رَجَمَكُمُ اللهُ، أَوْصِيَكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللهِ، فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ.

Jamaah Salat Idulfitri ingkang Bahagiya,

Enjing menika, lisan kita mboten kendhat ngagungkaken asmanipun Allah lumantar takbir, tahmid, saha tahlil. Kumandhang takbir menika sanes namung tradisi lisan, nanging proklamasi kamenangan ruhani sasampunipun sewulan muput kita dipungembleng wonten ing madrasah Ramadan. Kita makempal wonten ing mriki kanthi setunggal pangajab ageng: mugi Allah SWT mbasuh sedaya noda wonten ing manah kita, ndadosaken kita hamba ingkang wangsul dhumateng “fitrah”.

Menapa maknanipun kamenangan ingkang sejati? Wonten ing kitab *Ihya Ulumiddin*, Imam Al-Ghazali nggambaraken bilih tujuwan siyam inggih menika *tasyabbuh bil malaikah* (nyalirani sipat malaikat), inggih menika hamba ingkang saged ngendhaleni syahwatipun. Piyambakipun negesaken:

الصَّوْمُ وَصَلَةٌ إِلَى حَقِيقَةِ الشُّكْرِ وَالظَّفَرِ بِالْمَقْصُودِ

“Siyam menika kreteg nuju hakikat syukur saha keberhasilan nggayuh tujuwan (kesucian).”

Mila, Idulfitri menika pahargyan wangsulipun manah ingkang resik. Kamenangan sejati mboten mapan wonten ing busana ingkang enggal, nanging wonten ing ketaatan ingkang mindhak.

Kados dhawuh ulama: *Laisal ‘id liman labisal jadid, innamal ‘id liman ta’atuhu tazid* (Dinten riyadi sanes kagem tiyang ingkang ngginakaken busana enggal, nanging kagem tiyang ingkang ketaatanipun mindhak).

Ma'asyiral Muslimin Rahimakumullah,

Allah SWT dhawuh wonten ing Surah Ar-Rum ayat 30:

فَطَرَتِ اللَّهُ النَّاسَ عَلَىٰهَا لَا تَبْدِيلَ لِخَلْقِ اللَّهِ

Fitrah inggih menika kawontenan awal kita: jujur, bening, saha condong dhumateng kaleresan. Nanging, lampahing gesang asring ngethari fitrah menika kanthi sipat hasad (dengki), ujub (ngunggulaken dhiri), saha ghadhab (muring). Ramadan sampun rawuh minangka pembersih. Sakmenika, jejibahan kita inggih menika ngerawat kesucian kasebat.

Supados saged njagi kesucian fitrah menika, wonten **tiga pilar utama** ingkang kedah kita tegakaken:

1. Sepisan: Istiqamah wonten ing ibadah

Ampun ngantos masjid wangsul sepi sasampunipun Ramadan rampung. Syekh Nawawi Al-Bantani wonten ing kitab *Tafsir Marah Labid* ngetemaken bilih tanda dipun-tampinipun amal setunggaling tiyang inggih menika nalika piyambakipun saged nindakaken kasaenan sasampunipun amal kasebat. Menawi siyam kita dipun-tampi, mila Salat jamaah saha tadarus kita kedah kalajengaken. Kamenangan mboten ateges mandheg berjuang, nanging miwiti babak enggal ketaatan.

2. Kaping kalih: Meluaskan pangapunten saha nyambung silaturahmi

Kesucian vertikal dhumateng Allah (Hablun minallah) sampun kita usahaken kanthi siyam. Nanging, kesucian horizontal dhumateng sesami (Hablun minannas) kedah kita rampungaken. Mboten wonten ginanipun bathuk cemeng amargi sujud menawi manah taksih nyimpen dendam dhumateng sederek.

Wonten ing kitab *Fathul Bari*, Ibnu Hajar Al-Asqalani njlentrehaken wigatinipun salaman (mushafahah) ingkang saged ngguguraken dosa. Piyambakipun ngutip hadits bilih muslim kalih ingkang pepanggihan lajeng salaman, mila dosanipun rontok kados godhong garing ingkang ketiup angin. Maringi pangapunten menika ciri tiyang ingkang bertaqwa, kados dhawuh Allah: *Wal 'afina 'anin-nas* (saha tiyang-tiyang ingkang paring pangapunten dhumateng kaluputanipun tiyang sanes).

3. Kaping tiga: Bakti dhumateng tiyang sepuh (birrul walidain)

Wonten ing dinten ingkang fitri menika, konten swarga ingkang paling nyata inggih menika tiyang sepuh kekalih kita. Syekh Nawawi Banten wonten ing kitab Uqudul Lujain ngetemaken sepinten agengipun hak tiyang sepuh dhumateng putranipun. Piyambakipun nyerat:

رضا الله في رضا الوالدين وسخط الله في سخط الوالدين

“Ridha Allah wonten ing ridha tiyang sepuh kekalih, saha bebendunipun Allah wonten ing bebendunipun tiyang sepuh kekalih.”

Dhumateng ingkang taksih kagungan tiyang sepuh, rungkobi piyambakipun, ambunglah astanipun ingkang sampun kisut menika. Nyuwuna donga pangestu, amargi sukses ingkang kita raosaken sakmenika inggih menika woh saking eluh saha donga dalunipun tiyang sepuh. Dhumateng ingkang tiyang sepuhipun sampun sowan ing pengayomanipun Allah, ziarahilah makamipun saha sampun ngantos pedhot ngintunaken donga, amargi namung donga putra ingkang shalih ingkang dipun-rantu wonten ing alam kubur.

Jamaah ingkang dipun-rahmati Allah,

Wusana, sumangga kita dadosaken Idul Fitri 1447 H menika minangka momentum transformasi dhiri. Sumangga kita wangsul saking masjid menika kanthi mbeta “manah ingkang enggal”, manah ingkang langkung pemaaf, langkung nggatosaken sesami, saha langkung kiyat imanipun. Ampun ngantos kesucian ingkang kita gayuh kanthi ewet-ewet laminipun 30 dinten risak namung dalem sedinten amargi kesombongan saha kemaksiatan.

Mugi Allah SWT nampi zakat fitrah kita minangka pembersih jiwa, nampi siyam kita minangka pelebur dosa, saha manggihi kita malih kaliyan Ramadan ingkang badhe rawuh kanthi kawontenan sehat wal afiat.

Khutbah Kaping Kalih

الْخُطْبَةُ الثَّانِيَّةُ لِعِيدِ الْفِطْرِ

اللَّهُ أَكْبَرُ (٧×) اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا، وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا.

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمَرَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ إِرْغَامًا لِمَنْ جَدَّ بِهِ وَكَفَرَ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ سَيِّدُ الْخَلَائِقِ وَالْبَشَرِ.

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْمَحْشَرِ.

أَمَّا بَعْدُ، يَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ تَعَالَى فِيمَا أَمَرَ، وَانْتَهُوا عَمَّا نَهَى عَنْهُ وَزَجَرَ. وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرِ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ، وَنَتَى بِمَلَائِكَتِهِ الْمُسَبِّحَةِ بِقُدْسِهِ. فَقَالَ تَعَالَى مُخْبِرًا وَأَمْرًا: "إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا."

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ فِي الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ.

اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ، وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحِّدِينَ.

اللَّهُمَّ تَقَبَّلْ مِنَّا صِيَامَنَا وَقِيَامَنَا وَرُكُوعَنَا وَسُجُودَنَا وَصَالِحَ أَعْمَالِنَا.

اللَّهُمَّ اجْعَلْ عِيْدَنَا هَذَا عِيْدًا مُبَارَكًا مَقْبُولًا، وَاجْعَلْنَا مِنْ غُورَتِ دُئُوبِهِمْ وَسُرَّتِ عُيُوبِهِمْ وَقُبُلَتِ تَوْبَتِهِمْ.

اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْعَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْفَحْشَاءَ وَالْمُنْكَرَ وَالسُّيُوفَ الْمُخْتَلِفَةَ وَالشَّدَائِدَ وَالْمِحْنَ، مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ، مِنْ بَلَدِنَا هَذَا (إِنْدُونِيسِيَا) خَاصَّةً وَمِنْ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ.

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ.